

**DEPATMAN-DETA ETA NEW YORK (NYS DEPARTMENT OF STATE) -  
DIVIZYON DISTRIBISYON LISANS (DIVISION OF LICENSING SERVICES)**

**LIS MATERYÈL POU FÈ EGZAMEN  
KOSMETOLOJI PRATIK**

***NYS Department of State, Division of Licensing Services, One Commerce Plaza,  
PO Box 22001, Albany, NY 12201-2001***

***NÒT: Tout materyèl ou gen obligasyon pou make yo FÈT POU make an Anglè.***

Nou rekòmande pou ou anbale materyèl ou yo nan sache plastik ki ka fèmen, ki gwoupe epi ki make pou chak pwosedi apa. Materyèl sa yo ta dwe rete nan valiz transpò ou oswa nan resipyan estokaj plastik ou jouk lè yo nesese pou fè chak pwosedi epi pandan w ap resevwa enstwiksyon yo (pou konfò ou, nou sijere pou ou konsidere yon sistèm vwayaj nan woulman). Ou ta dwe dezenfekte/netwaye tout zouti/ ekipman anvan ou anbale yo.

***\* ENPÒTAN: Si ou rive nan sant egzamen an apre lè nou endike pou kòmanse a, ou P AP jwenn admisyon nan egzamen an epi w ap pèdi frè ou te peye pou egzamen an.***

**Aparans Pwofesyonèl, Preparasyon nan Espas Travay la ak Preparasyon Kliyan an**

**APARANS PWOFEZYONÈL:**

Ou dwe mete rad ki pwòp (oswa blouz/tabliye) sou chemiz oswa abiman ou.

(Nòt: Si ou chwazi pou mete yon tabliye, ou DWE mete omwen yon kwaf/manch kout anba kouvèti ou-zèpòl ou pa dwe parèt)

*Sijesyon: Pa ni pote ni mete atik ki asosye ou avèk yon lekòl, salon kwafi patikilye oswa nenpòt lòt afilyasyon.*

**Sa pou sonje:** Pou rezon sekirite, ou gen obligasyon pou mete soulye fèmen, ak talon fèmen ki kouvri anlè pye a epi ki fèt avèk materyèl ki pa pèse fasil (tanpri sonje nou pa aksepte materyèl tankou twal).

**PREPARASYON ESPAS TRAVAY LA:**

Solisyon dezenfektan sifas Ajans Pwoteksyon Anviwònman (United States Environmental Protection Agency (EPA)) apwouve, ki nan anbalaj make (li ka likid, espre, lenjèt, elatriye).

Twal oswa sèvyèt pou jete apre itilizasyon (pou siye sifas la asèk)

Ajan netwayaj vit - pa obligatwa (pou netwaye miwa nan pòs travay la)

Sache plastik (yo) pou dechè/fatra

Adeziv pou tache sache fatra nan espas travay la

**PREPARASYON KLIYAN (MANNKEN):**

***\* ENPÒTAN: Si manniken ou koupe oswa trete, n ap ranvwaye ou otomatikman. Tanpri sonje ou PA ka itilize cheve ki gen presyon oswa nenpòt lòt cheve ki bezwen tache nan manniken an.***

Mannken (chwa koulè ou) - DWE gen cheve imen ki pa koupe (nou pa aksepte manniken ki gen nivo cheve youn sou lòt davans), pa trete (cheve ki gen pèmanant davans, san koulè), epi ki gen koulè solid

(Nòt: Li dwe gen omwen 8" nan dèyè kou a oswa cheve ki gen ase longè pou fè pwosedi ki obligatwa yo)

Pens pou anlè kontwa pou atache manniken an (nou pa aksepte estann pou planche);

(Nòt: Si klanps ou pa gen yon kouvèti pwoteksyon, tanpri pote yon nap, twal, oswa nenpòt lòt baryè pou mete anba klanps lan pou pwoteje anlè kontwa a)

Penyen dèyè kou a oswa pase chanpou ladan (nou rekòmande longè ki redui oswa gwose timoun)

Bann pou kou ak/oswa twal (yo)

## **MATERYÈL JENERAL POU PREPARE:**

- Boutèy dlo espere (ki plen davans), ki make aklè (nou rekòmande pou ou pote yon boutèy dlo siplemantè paske nou pa kapab garanti disponiblite dlo)
- Dezenfektan men (nan boutèy orijinal/distribite oswa sache)
- Lenjèt alkòl oswa dezenfektan zouti ki nan espere nan anbalaj orijinal yo (pou objektif egzamen an: ou dwe itilize li sizoka sizo/razwa a kontamine)
- Resipyan plastik, solid (di) (ki gwo ase pou pran gwo sizo a/sizo a) ak sache plastik ki ka fèmen (sizoka san tonbe atè) epi ki make 'kontaminasyon san'
- Pansman (2-3) - ou mete nan sache plastik ki ka fèmen epi ki make 'Premye Sekou' (First Aid) (ou ka mete yo andedan resipyan solid la)
- Espatil (pou retire pwodui nan resipyan yo jan li nesèsè) - pa obligatwa  
*Si ou pa chwazi pou pote zouti pwòp sèlman nan sache plastik ki ka fèmen, men sa w ap bezwen:*
- Resipyan kouvri ki make 'pwòp' pou pote zouti yo (sizo, bwòs, elatriye.)  
*Si ou pa vle mete tout zouti ize yo nan sache dechè a, men sa w ap bezwen:*
- Resipyan kouvri ki make 'sal' pou pote zouti ize yo nan egzamen an (sizo, bwòs, elatriye) -AK- Materyèl pou Koupe Cheve

## **Teknik pou Koupe Cheve -Koup a Nivo a 90 Degre (50 minit)**

- Espere boutèy dlo a (ki plen davans), ki make aklè (ou ka kite li deyò ant kòmansman ak finisman egzamen an)
- Gwo sizo/sizo koup (de pè ki rekòmande men pa obligatwa)
- Sizo pou fofile - pa obligatwa (I ap nesèsè si ou gen entansyon itilize li pou retire moso cheve anplis la)
- Peny koup, peny pou tout itilizasyon oswa peny ki gen ke
- Pens pou seksyonman
- Razwa ki gen pwoteksyon (itilizasyon peny ki gen razwa ak razwa pou estil plimaj akseptab; nou pa akseptè razwa ki chofe)
- Lam razwa (ou pa oblije gen lam siplemantè)
- Mini-bale ak pèl pou mete pousyè (pa obligatwa)

## **Teknik pou Seche Cheve pandan Kwafi (15 minit)**

- Espere boutèy dlo a (ki plen davans), ki make aklè (ou ka kite li deyò ant kòmansman ak finisman egzamen an)
- Sechwa pou cheve
- Konsantratè - pa obligatwa (nou rekòmande pou ou pote yon ti twal pou vlope konsantratè a anvan ou retounen li nan sache a, paske kèk ladan yo vin cho)
- Peny kou oswa peny pou tout itilizasyon (pa obligatwa)
- Bwòs won ki gen pwal (nenpòt gwosè) - nou akseptè bwòs ki gen pwent yo akseptab
- Pens pou seksyonman

## **Teknik Bouk Tèmik/Teknik Pou Fè Bouk avèk Fè Pou Pase Cheve (15 minit)**

**\* ENPÒTAN: Ou DWE pote yon fè elektrik marcel pou fè seksyon sa a nan egzamen an (nou PA akseptè fè pou fè bouk tankou resò ak fwaye fou).**

- Fè (Iron) Marcel - silend 3/4 pous (elektrik SÈLMAN - nou pa akseptè bouk ki gen fòm fwaye fou ni resò)
- Peny kawotchou, titàn ki di oswa nenpòt, peny ki reziste nan chalè
- Pens seksyonman ak/oswa pens pou bouklèt (volè senp oswa doub)
- Kouvèti Twal oswa Fè Bouk (pou vole toutotou fè a epi pou retounen nan sache transpò a) - Nòt: Pou rezon sekirite, ou PA ka kite fè a pou li refwadi.

## **DEMONSTRASYON TEKNIK YO:**

### **Demonstrasyon Teknik yo: Plasman Woulo - Anlè Tèt la (10 minit)**

- Espre boutèy dlo a (ki plen davans), ki make aklè (ou ka kite li deyò ant kòmansman ak finisman egzamen an)
- Peny ki gen ke oswa peny tout itilizasyon
- Pens pou seksyònman
- Gwo woulo mayetik 1 1/8 pous (yo ka bèj) - omwen twa (nou pa aksepte woulo an swa oswa woulo Velcro)
- Pens pou bouklèt (volè senp oswa doub), pens woulo, oswa pens kachèt (pou tache woulo yo)

### **Demonstrasyon Teknik yo: Restriktirasyon Chimik/Ondilasyon Pèmanan - Bò Goch (10 minit)**

- Moso twal (yo) pou abiman chimik (mannken an dwe abiye nan fason sa a pou rèz egzamen an)
- Twal (pou pwoteje figi a pandan aplikasyon an)
- Boutèy aplikatè (yon boutèy ondilasyon pèmanan ize akseptab) ki make 'losyon ondilasyon pèmanan' ('permanent waving lotion') (ou ka mete dlo nan yon boutèy aplikatè ki ka fèmen)
- Yon ti boutèy dlo ki make 'losyon ondilasyon pèmanan' ('permanent waving lotion') si li nesèsè (pou itilize nan boutèy aplikatè a)
- Peny ki gen ke oswa peny tout itilizasyon
- Jèl ki make 'krèm pwoteksyon' ('protective cream') (pou estimile itilizasyon krèm pwoteksyon an)
- Riban koton (ki ase pou mete nan perimèt zòn figi a oswa tout blòk ki sou bò goch la, dapre chwa ou)
- Tij ondilasyon pèmanan - long (TOUT gri, TOUT blan, oswa TOUT vyolèt)
- Papye an swa
- Gan (pou itilize pou aplikasyon losyon ondilasyon pèmanan epi pou fè bouk tès la) [Nòt: *Ou pa bezwen mete gan yo pou aplikasyon jèl la.*]

### **Demonstrasyon Teknik yo: Ondilasyon Bouklèt Dyagonal Woule/Fòm C - Bò Dwat Tèt la (10 minit)**

- Peny pou ondilasyon avèk dwèt oswa peny ki gen ke (peny ki gen ke pwent metal yo pa akseptab)
- Pens pou bouklèt (volè senp oswa doub)
- Losyon pou ondilasyon avèk dwèt (pa obligatwa) - (*n ap aksepte SÈLMAN losyon pou ondilasyon avèk dwèt ki gen konsistans tankou dlo; si ou itilize li, li DWE make 'losyon pou ondilasyon avèk dwèt' ('finger wave lotion')*)

### **Demonstrasyon Teknik yo: Ondilasyon avèk Dwèt - Dèyè Tèt la (10 minit)**

- Peny pou ondilasyon avèk dwèt oswa peny tout itilizasyon
- Losyon pou ondilasyon avèk dwèt (pa obligatwa) - (*n ap aksepte SÈLMAN losyon pou ondilasyon avèk dwèt ki gen konsistans tankou dlo; si ou itilize li, li DWE make 'losyon pou ondilasyon avèk dwèt' ('finger wave lotion')*)

Nòt: Kèk mak losyon pou ondilasyon avèk dwèt twò epè pou itilize nan egzamen sa a; ou ka itilize dlo alapas losyon pou ondilasyon avèk dwèt.

## **SÈVIS AVÈK PWODUI CHIMIK:**

### **Sèvis avèk Pwodu Chimik: Similasyon Bouchaj - Seksyon Fwon Dwat (15 minit)**

\* ENPÒTAN: Nou PA aksepte ou itilize kat kontwòl/planch dòsal ak peny ondilasyon ki fòmè davans.

- Fèy ki koupe davans (ki prepare) oswa papye ki koup davans (ki prepare) - ase pou fè twa ondilasyon ak twa tranch
- Resipyan oswa bokal kolestewòl ki make 'dekoloran' ('lightener') (ou ka travay nan resipyan an oswa ou ka itilize bòl tenti a)
- Bòl tenti (pa obligatwa)
- Bwòs tenti oswa espatil kolorasyon
- Peny ki gen ke (peny ki gen ke pwent metal akseptab)
- Pens pou seksyònman (yo ka metal oswa non-metal)
- Gan (ou dwe mete yo pandan tout aplikasyon an)

**Sèvis avèk Pwodui Chimik: Similasyon Kolorasyon Cheve (Retouch) - Seksyon Dèyè Adwat (10 minit)**

- Resipyan oswa bokal kolestewòl ki make 'tenti/koulè' ('tint/color') (ou ka travay nan resipyan an oswa ou ka itilize bòl tenti a)
- Bòl tenti (pa obligatwa)
- Bwòs tenti oswa espatil kolorasyon
- Pens pou seksyònman (yo ka metal oswa non-metal)
- Gan (ou dwe mete yo pandan tout aplikasyon an)

**Sèvis avèk Pwodui Chimik: Similasyon Restriktirasyon Chimik (Defrisaj avèk/san tij) - Devan Agoch (Vyèj) ak Dèyè Agoch (Retouch) (25 minit)**

- Resipyan oswa bokal kolestewòl ki make 'lisè/defrizan' ('straightener/relaxer') (ou ka travay nan resipyan an oswa ou ka itilize bòl tenti a)
- Bòl tenti (pa obligatwa)
- Bwòs tenti -oswa- espatil kolorasyon -oswa- peny ki gen ke
- Pens pou seksyònman (yo ka metal oswa non-metal)
- Jèl koulè ki make 'baz pwoteksyon' ('protective base') (pou estimile itilizasyon baz pwoteksyon an) [*Nòt: W ap pèdi pwen si ou jèl ki klèrèt.*]
- Gan (ou dwe mete yo pandan tout aplikasyon an) [*Nòt: Ou pa bezwen mete gan yo pou aplikasyon jèl la.*]

**Netwayaj Zòn Travay**

- Sache plastik siplemantè pou pote mannen an (pa obligatwa)
- Mini-bale ak pèl pou mete pousyè (pa obligatwa)